



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRE RATIFIKASYON KONTRA SAG-AFTRA AK WGA, GOUVÈNÈ HOCHUL  
MANDE AJANS ETA YO POU YO AKSELERE PWOSESIS LA EPI PÈMÈT  
ENDISTRI FIM AK TELEVIZYON REPRANN AKTIVITE EKONOMIK NAN NEW  
YORK**

***Chanm Egzekitif la voye yon lèt bay plis pase 30 ajans ki mande pou yo akselere  
pwosesis apwobasyon ak pèmi an***

***Endistri fim ak televizyon New York la te kreye plis pase 65,000 djòb ane pase; Li  
te jenere 35 milya dola depi 2013***

Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans Eta yo jodi a pou yo akselere pwosesis pou pwodiksyon fim ak televizyon, sa k ap pèmèt endistri sa yo rekòmanse travay byen vit kounye a ke SAG-AFTRA ak WGA te mete fen nan grèv yo epi ratifye kontra yo. Endistri pwodiksyon fim ak televizyon an se yon pisans ekonomik kle pou New York, ki ajoute plis pase 9 milya dola nan [Pwodwi Enteryè Brit](#) chak ane.

"Li enpòtan pou travayè yo nan tout endistri yo jwenn peman ki jis pou travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a ke grèv yo fini, m ap mande tout ajans eta ki konsène yo pou yo akselere apwobasyon ak pèmi pou aktè, ekriven ak pwofesyonèl devwe klas mwayèn nan endistri sa a kapab retounen travay".

Gen yon kopi [lèt](#) Chanm Egzekitif la bay ajans eta yo ki disponib isit la.

Kòm previzyon pou grèv sendika endistri a k ap avanse nan akò final yo, Eta New York ap prepare pou l retounen nan gwo pwodiksyon nan tout eta a. Rive 11 desanm, antite eta yo pral revize pwosesis pou maketing, mete pwopriyete eta posede ak sèvis yo disponib pou pwodiksyon epi idantifye tou fason pou sipòte atraksyon biznis. Sa gen ladann akselere pèmi yo, kenbe frè yo ak depans pèsonèl dirèk yo transparan epi pa depase depans pou eta a, kenbe yon pwen kontak endistri nan ajans lan pou jere demann pwodiksyon an, epi asire ajans lan kenbe yon moun oswa yon ekip pou aji kòm yon lyezon pou akselere pèmi, otorizasyon ak sèvis pwovizyon yo. Pwopriyete ak sèvis eta a bay yo ta dwe disponib nan limit maksimòm posib pou konpayi pwodiksyon yo. Yo ta dwe pote pwoblèm ki poko rezoud yo bay MPTV ak Biwo Gouvènè a.

Endistri pwodiksyon fim ak televizyon Eta New York la jenere plizyè milyon dola nan envestisman epi sipòte plizyè milye travayè pwodiksyon, founisè, travayè nan otèl ak ti biznis nan kominote nou yo chak ane. Sendika yo, tankou SAG-AFTRA ak WGA, ede asire gwo salè, benefis konplè ak pwoteksyon solid nan sektè pwodiksyon fim ak televizyon epi travay sa yo aksesib pou yon pakèt Nouyòkè, kote 44 pousan travay nan endistri a disponib pou travayè ki pa gen yon diplòm 4 ane. Endistri a se yon pati enpòtan nan ekonomi Eta New York epi dapre evalyasyon endepandan ki pi resan an, an 2021 ak 2022, endistri fim nan te ajoute plis pase 18 milya dola nan PIB reyèl la epi kreye plis pase 131,000 djòb dirèk.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)